

**ATRIKASYON ELEV-YO
RANSEYMAN SOU ANREJISTREMAN SKOLE
LEKOL PIBLIK ORANJ KANTI**

ANREJISTREMAN

Pou yo kapab antre nan kindergarten, ti moun bezwen genyen 5 an jou kap oubyen avan lye setanm. Pou yo kapab antre nan premyè ane, ti moun bezwen genyen 6 an jou kap oubyen avan lye setanm.

Pou anrejistre pitit-ou nan lekòl, dokiman sa-yo nesèsè :

1. Verifikasyon laj-li (ak youn nan sa-yo) :

- A. Dosye nèsans ti moun-la (sètifika nèsans)
- B. Polis asirans
- C. Paspò
- D. Dosye skolè
- E. Batistè, ak yon deklarasyon ekrit sou sèman ke paran-a fè
- F. Dosye Veritab Labib, ak yon deklarasyon ekrit sou sèman ke paran-a fè
- G. Deklarasyon sou laj ekrit sou sèman ke paran-a fè, ak yon deklarasyon ki soti kay yon doktè

2. Prè vaksen sou yon fòm 680, ke nou kapab jwenn nan Depatman Sante nan adrès sa-a :

Orange County Health Department
832 W. Central Boulevard, Orlando (gade kat sou do fòm sa-a)
Telefòn : 407/836-2640

3. Prè yon egzamen fizik ki pa genyen plis ke yon ane depi li fèt. Si ou ka kapab bay dokiman sa-a, yon egzamen fizik dwe ranje nan yon limit tan 30 jou.

4. Verifikasyon domisil ou nan Oranj Kanti ak youn nan dokiman sa-yo :

- A. Kat egzansyon pou pwopriète
- B. Akò de vant/lokasyon
- C. Deklarasyon ke yon notè siye (disponib nan lekòl-la)
- D. Deklarasyon de domisil (pou moun ki pa rezidan nan Florid)

Pou nou kapab jwenn yon deklarasyon de domisil (\$8), aplike nan Comptroller' Office, lendi a vandredi 7:30 nan maten pou 4:30 nan aprè midi, nan adrès sa-a :

401 S. Rosalind Avenue (bildinn blan ak de etaj nan kwen Rosalind ak South Street)
Orlando, FL
Telefòn : 407/836-5115

GADYEN

Si ou pa paran oubyen paran ki genyen gad yon etidjan, la lwa leta ap mande pou youn nan dokiman sa-yo founi pou anrejistremant :

- 1. Dokimantasyon ki di ke se ou ki genyen chaj ti moun-la soti nan tribinal
- 2. Lèt plasman ki soti nan Depatman Ti Moun ak Fanmi
- 3. Gad Edikasyonel (yo bay li selman lè paran-a oubyen paran gadyen ap viv andeyò de Oranj Kanti)

Pou ou kapab jwenn yon gad, aplike nan biro atribisyon elèv :

Educational Leadership Center
445 W. Amelia Street, Orlando
Telefòn : 407/317-3233